



DEPATMAN PWOTEKSYON KONSOMATE
AK TRAVAYÈ (DCWP)
42 Broadway, Lobby
New York, NY 10004

Kreyòl Ayisyen | Haitian Creole

Sou Randevou Sèlman nan lè Fonksyonnan:
Vandredi: 9 a.m. – 4 p.m.
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

Kesyon Moun Poze Souvan – Aranjman

Kisa yon aranjman ye?

Yon aranjman se yon opòtinite pou plede koupab pou akizasyon an (yo) nan konvokasyon an olye pou patisipe nan odyans lan. Ou dwe:

- peye yon amann redui; ak/oswa
- remedye (korije) vyolasyon yo (Si li elijib).

Kòman mwen ka fè regleman ka mwen an?

Si ou te resevwa yon lèt òf regleman pa lapòs:

- Ou ka fè regleman ka w la lè w peye montan redui a.

Si ou pa te resevwa yon òf regleman pa lapòs:

- Voye yon imèl oswa tèks bay LegalSettlements@dcwp.nyc.gov pou mande si regleman se yon opsyon. Mete nimewo konvokasyon ou ak non biznis ou.

DCWP dwe resevwa imèl ou oswa tèks ou omwen yon jou ouvrab anvan dat odyans lan.

Si ou ka fè regleman, DCWP ap konfime kantite amann ki redui a oswa l ap gen ladan [entriksyon pou remedye](#) si ou ka korije vyolasyon yo.

Èske mwen oblige fè regleman?

Non. Ou ka ale nan odyans lan nan Biwo Pwosè administratif ak Odyans (OATH) pou refize akizasyon an (yo). Dat ak lè odyans lan nan konvokasyon w lan. Ou ka mennen yon avoka oswa yon reprezantan nan odyans lan pou prezante prèv ak agiman.

Kilè mwen kapab fè regleman?

Ou dwe fè regleman omwen yon jou ouvrab anvan dat odyans lan.

Kòman mwen ka peye amann redui a nan lèt òf pou fè regleman?

Ou ka peye nan YOUN nan twa fason sa yo: **Kèlkeswa jan ou peye a, DCWP dwe resevwa pèman ou an omwen yon jou ouvrab anvan dat odyans lan.**

1. Pa Lapòs

Voye yon chèk oswa manda postal (money order) bay DCWP nan:

DCWP
Attn: Collections Division
42 Broadway
New York, NY 10004

Sèvi ak anvlòp DCWP te bay la pou voye l tounen (si sa nesesè) Mete nimewo konvokasyon ou ak non biznis ou sou chèk la oswa chèk postal (money order).

2. Sou Entènèt

Ale sou nyc.gov/dcwp epi klike sou “[Pay Fines and Fees](#)” nan modil Pou Biznis yo pou direksyon yo pou peye sou entènèt pa kat kredi.

Kat yo aksepte yo se Visa, MasterCard, American Express epi Discover Card. Pèman ki fèt ak kat kredi ak gen yon frè fasilité.

3. An pèsòn *Sou Randevou sèlman nan adrès ki nan paj 1 an*

Pou pran yon randevou, voye yon imèl nan Collections@dcwp.nyc.gov oswa rele **(212) 436-0259** (Lendi-vandredi, 9 a.m. jiska 4 p.m.).

Ou ka peye sèlman ak kat kredi, chèk postal (money order), chèk .Pèman ki fèt ak kat kredi yo ka genyon frè fasilité.

Èske mwen ka mande yon odyans oswa yon apèl apre mwen fin peye amann redui an?

Non.

Lè w peye amann redui an, ou plede koupab pou akizasyon an (yo) epi ou pa kapab mande yon odyans oswa yon apèl ankò sou akizasyon yo.

Mizajou 06/2023